

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*  
*Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel / Fax 222 78 99  
<justicepaixha@yahoo.com>

Pòtoprens, 22 me 2005

**Lèt tou louvri**

Monsieur Hérard Abraham  
Chanselye peyi d Ayiti  
Minis Relasyon Eksteryè

Mesye Minis,

Komisyon Jistis ak Lapè a salye ou ak anpil respè. Komisyon an te resevwa rapò ki sòti nan men manm li yo nan Nòdès peyi a sou rapatriman konpatriyòt Ayisyen yo. Komisyon an te swiv tou ak anpil enterè deklarasyon Chanselye peyi d Ayiti a te fè sou menm evènman sila yo.

Nou enkyete anpil, paske nou panse Ministè Relasyon Eksteryè a pa fin konprann sityasyon dramatik ki prezante sou fwontyè ak Repiblik Dominiken an nan moman sa a.

Nou konstate chif moun yo voye ban nou, selon temwen ki sou plas yo pi wo anpil pase chif ofisyèl yo. Plizyè moun yo voye ban nou nan peyi d Ayiti, se Dominiken natifnatal yo ye. Yo te pran yo poutèt koulè po yo, oswa se Ayisyen ki genyen dokiman yo an règ.

Nan anpil ka, yo pa respekte dwa elemantè chak moun genyen, menm si l ta ilegal nan yon peyi. Konsa, gen fanmi ki rive divize, pa gen konsiderasyon pou manman ak pitit, pou timoun ki pèdi tras paran yo. Yo pran moun nan mitan lannwit, yo menm pa kite yo ranmase sa k pou yo.

Sa vle di, Otorite Dominiken yo pa aji nan kad sa lalwa pèmèt yo fè. Yo pa aji nan kad obligasyon menm yon peyi ki granmoun tèt li genyen.

Komisyon Jistis ak Lapè a mande otorite reskonsab nan peyi a pou yo konprann gravite sityasyon an ki devan yo a, epi danje ki kontinye ap menase Ayisyen yo k ap viv nan peyi vwazen an.

Komisyon Jistis ak Lapè a mande otorite reskonsab nan peyi d Ayiti pou yo prezan sou fwontyè a pou asire akèy konpatriyòt nou yo lè yo voye yo tounen. Leta Ayisyen dwe prezan sou fwontyè a tou pou asire sekirite moun ki tounen oswa yo voye tounen.

Komisyon Jistis ak Lapè ap ankouraje otorite Ayisyen pou yo egzije otorite Dominiken yo respekte dwa sitwayen Ayisyen yo ki nan peyi Dominikani, menm sa ki ilegal, paske moun pa bèt.

Komisyon Jistis ak Lapè a ankouraje otorite Ayisyen pou yo egzije otorite Dominiken yo respekte Pwotokòl akò sou rapatriman ki te siyen nan dat 2 desanm 1999 ant de [2] peyi yo e ki dekri aklè ki mekanis pou yo respekte nan ka rapatriman.

Nou voye ba Otorite yo yon ti rapò sou sa moun yo te viv nan zòn Wanament nan dènye semèn sa a ak kopi kontrandi Solidarite Fwontalye te fè a.

Pou Komite Direktè Nasyonal la

P. Jean Hanssens  
Direktè nasyonal

Kopi : CEH, laprès